

 <p>UNIVERSITY of MARYLAND MEDICAL SYSTEM</p> <p>Sèvis Sik Revni</p>	PAJ: 1 SOU 14	NIMEWO KONTRA: RCS - 01
	DAT EFEKTIF: 18/09/19	DAT REVIZYON (YO): 01/07/23

SIJÈ: Règleman Èd Finansyè UMMS

MO KLE:

Èd Finansyè, Difilikte Finansyè, Otorizasyon Finansyè, Èd Medikal

OBJKEKTIF/KONTEKS:

Objektif deklarasyon règleman sa a se pou esplike pwosesis aplikasyon pou èd finansyè a, kijan yo analize aplikasyon yo epi jan yo pran desizyon kalifikasyon yo, kondisyon kalifikasyon pou pwogram èd finansyè yo (ki gen ladan yo kalifikasyon posib ak èd pou difilikte finansyè), otorizasyon finansyè pasyan ki gen de bezwen medikal espesyal oswa imanitè, kijan UMMS fè pasyan konnen gen èd finansyè, pwosesis apèl la, epi aksyon rekouvreman ekstrawòdinè yo.

APLIKABILITE:

Règleman sa a aplike pou tou manm, founisè, ak ajan [volontè, manm ekip medikal] nan nenpòt òganizasyon ki manm University of Maryland Medical System (Sistèm Medikal Inivèsite Maryland) lan:

University of Maryland Medical Center (UMMC) (Sant Medikal Inivèsite Maryland)
UM Midtown Campus (MTC)
UM Rehabilitation & Orthopaedic Institute (UMROI) (UM Enstiti Reyabilitasyon ak Ôtopedik Inivèsite Maryland)
UM St. Joseph Medical Center (UMSJMC) (UM Sant Medikal Sen Josef)
UM Baltimore Washington Medical Center (UMBWMC) (Sant Medikal Inivèsite Maryland Baltimore Washington)
UM Shore Regional Health (UMSRH)
UM Shore Medical Center at Dorchester (UMSMCD) (Sant Medikal Inivèsite Maryland Shore nan Dorchester)
UM Shore Medical Center at Easton (University of Maryland Shore Medical Center nan Easton) (UMSME)
University of Maryland Charles Regional Medical Center (UMCRMC)

UM Upper Chesapeake Health (UCHS)
UM Capital Region Health (UMCRH)
UM Physician Networks (UMPN)
UMMS Outpatient Rx Weinberg
UMMC Pharmacy at Redwood
UMMS Pharmacy Services
UMMC Mid-Town Campus Pharmacy
UMMC Pharmacy at Capital Region
UMMC Pharmacy at Baltimore Washington

DEFINISYON:

Nivo Pòvrete Federal	Yon mezi revni Department of Health and Human Services (Depatman Sante ak Sèvis Sosyal) (HHS) fè soti chak ane. Nivo pòvrete federal yo sèvi pou detèmine kalifikasyon pou kèk pwogram ak avantaj.
Difilikte Finansyè	Ka kote depans òganizasyon manm UMMS yo chaje pou tretman medikal nesesè pou yon fanmi sou yon peryòd douz (12) mwa ki depase 25% revni fanmi sa a pou yon ane.
Limit MDH yo	Yo fè referance ak limit kalifikasyon revni pou swen ak rabè nan pri yo, ki fikse nan biwo Planifikasyon Asistans Medikal Depatmant Sante Maryland lan(MDHnan lang angle). Eta Maryland lan te aksepte elajisman Medicaid Federal la nan dat 1ye Janvye 2014 parapò ak Nivo Pòvrete Federal yo, selon Lwa sou Swen Abòdab (Affordable Care Act), ki elaji limit kalifikasyon revni yo

 <p>UNIVERSITY of MARYLAND MEDICAL SYSTEM</p> <p>Sèvis Sik Revni</p>	PAJ: 2 SOU 14	NIMEWO KONTRA: RCS - 01
	DAT EFEKTIF: 18/09/19	DAT REVIZYON (YO): 01/07/23

SIJÈ: Règleman Èd Finansyè UMMS

	pou Medicaid Maryland. UMMS te adopte nouveau limit sa yo pou barèm mobil swen ak rabè nan pri yo, jan yo di nan Anèks A.
Dèt Medikal	Depans ki soti nan pòch ou, ki gen ladan yo ko-peman, ko-asirans, ak dediktib, ki fèt nan òganizasyon manm UMMS yo pou tretman medikal nesesè.
Kalifikasyon Posib	Ka kote enfòmasyon pasyan oswa lòt sous bay, pote ase prèv sou kalifikasyon pasyan pou 1 resevwa èd finansyè, men pa gen fòm èd finansyè nan dosye a.

RÈGLEMAN:

University of Maryland Medical System ("UMMS") angaje li nan bay èd finansyè pou moun ki gen bezwen swen sante epi ki pa gen asirans, ki pa byen asire, ki pa kalifye pou yon pwogram gouvènmantal, oswa ankò ki pa kapab peye pou swen ijan ak medikal nesesè sou baz sitiyasyon finansyè pèsonèl yo.

Se règleman òganizasyon manm nan University of Maryland Medical System ("UMMS") lan pou 1 bay èd finansyè ki satisfè oswa depase kondisyon Eta Maryland lan fikse pou pasyan ki satisfè kritè finansyè yo mande yo epi ki mande èd sa a.

- I. **Swen Gratis** - Pasyan ki gen revni rive nan 200% limit kalifikasyon revni Depatman Sante Maryland lan fikse yo, kalifye pou swen gratis.
- II. **Swen nan pri ak rabè** - Pasyan ki gen ant 200% ak 300% limit kalifikasyon revni Depatman Sante Maryland lan fikse yo, kalifye pou rabè sou yon barèm mobil, jan yo di li nan Anèks A.
- III. **Difilikte Finansyè** - Pasyan ki pa kalifye pou èd finansyè dapre prensipal liy direktiv règleman sa a, men ki gen dèt medikal nan tout organizasyon manm UMMS yo ki depase 25% Revni Moun nan Kay Fanmi an pou ane a, yo kalifye pou resevwa èd pou difilikte finansyè.

Gen plan peman tou ki disponib pou tout pasyan yo. Kondisyon plan yo kapab chanje si pasyan an mande sa. W ap jwenn plis enfòmasyon sou plan peman nan UMMS Payment Plan Policy a (Règleman Plan Peman UMMS la). UMMS rezève 1 dwa pou 1 deside poukонт li sou kapasite yon pasyan pou li peye. Y ap trete tout pasyan ki prezante pou sèvis ijans kèlkeswa kapasite yo pou yo peye. Pou sèvis kap parèt/ijans, fòm aplikasyon pou èd finansyè ap ranpli, resevwa, epi evalye apre sèvis epi sa pap bay reta nan bay pasyan an swen.

PWOSEDI:

I. Kijan Pou Aplike Pou Èd Finansyè

Pou nenpòt epizòd swen, pwosesis aplikasyon pou èd finansyè an ap ouvri jiska omwen 240 jou apre yo voye premye bòdwo bay pasyan an apre li egzeyate. Pasyan yo kapab aplike volontèman pou èd finansyè anvan oswa apre yo resevwa sèvis swen sante yo, oswa yo ka idantifye yo kòm kandida posib pou èd finansyè pandan pwosesis otorizasyon finansyè a oswa yon seleksyon posib pou kalifikasyon pwobab pou èd finansyè.

Otorizasyon finansyè se yon pwosesis ki detèmine kapasite ak pwobablitè pou yon pasyan peye. Lè sa posib yap fè efò pou bay otorizasyon finansyè anvan dat sèvis la. Pandan pwosesis otorizasyon finansyè a, pasyan ki deklare yo pap travay epi yo pa gen asirans pral oblige soumet yon aplikasyon pou èd finansyè avan yo resevwa swen medikal ki pa ijan (sòf si yo satisfè kritè kalifikasyon èd finansyè posib yo).

 <p>UNIVERSITY of MARYLAND MEDICAL SYSTEM</p> <p>Sèvis Sik Revni</p>	PAJ: 3 SOU 14	NIMEWO KONTRA: RCS - 01
	DAT EFEKTIF: 18/09/19	DAT REVIZYON (YO): 01/07/23

SIJÈ: Régleman Èd Finansyè UMMS

Pral gen yon sèl pwosesis aplikasyon pou tout organizasyon manm UMMS yo. UMMS pral aksepte aplikasyon èd finansyè konplè Faculty Physicians, Inc. (FPI) yo (ak egzijans aplikasyon yo) pou detèmine kalifikasyon pou pwogram Èd Finansyè UMMS lan. Yo egzije pou pasyan yo bay yon aplikasyon pou èd finansyè ranpli (ak tout enfòmasyon epi dokiman yo egzije yo), amwenske yo satisfè kritè pou kalifikasyon posib la. Pou ede pwosesis la, chak aplikan dwe bay enfòmasyon sou kantite moun ki nan fanmi an ak revni yo. Yap asepte prezantasyon enfòmasyon yo bezwen aloral, lè gen nesesite pou sa. UMMS pral bay tout pasyan aplikasyon pou èd finansyè an kelkeswa sitiyasyon asirans sante yo, sa gen ladan tou pasyan ki pa gen asirans, epi aplikasyon an ap disponib sou sit entènet UMMS lan epi sou demand.

Dokiman pou Sipote Aplikasyon Èd Finansyè

Pou ede moun kap aplike yo konplete pwosesis la, dokiman yo egzije ak sigjere yo ap byen klè sou aplikasyon èd finansyè a, tankou:

- Yon kopi dènye Deklarasyon Taks sou Revni Federal yo (si yo marye epi y ap deklare apa) epitou yon kopi deklarasyon taks konjen an); prèv revni andikape (si sa aplikab), prèv revni sekirite sosyal (si sa aplikab).
- Si yo pap travay, prèv rezonab chomaj tankou deklarasyon ki sòti nan Biwo Asirans Chomaj, yon deklarasyon ki soti nan sous aktyèl sipò finansye, elatriye.
- Yon kopi dènye souch chèk travay yo (si lap travay) oswa lòt prèv revni.
- Yon Avi Desizyon Asistans Medikal (si sa aplikab).
- Kopi bòdwo ipotèk oswa Afèmaj (si sa aplikab), oswa lòt dokiman alekri sou sitiyasyon lojman aktyèl yo.
- Si yon pasyan soumèt alafwa yon kopi dènye Deklarasyon Taks Federal sou Revni ak yon kopi dènye souch yo (oswa lòt prèv sou revni), epi sèlman youn nan de dokiman yo montre kalifikasyon pou èd finansyè, se dokiman ak dat pi pre a kap defini kalifikasyon.

Yo pa ka refize èd finansyè baze sou mank enfòmasyon oswa dokimantasyon ki pa espesifikman nesesè nan règleman sa a oswa sou aplikasyon èd finansyè a, epi UMMS rezève l dwa pou li ofri èd finansyè bay pasyan ki pa bay tout dokiman sipò yo.

- Si yon pasyan soumèt yon aplikasyon pou èd finansyè san enfòmasyon an oswa dokiman ki nesesè pou yon desizyon final pou kalifikasyon, yo pral voye bay pasyan an yon demand alekri pou enfòmasyon oswa dokiman ki manke yo.
- Demand alekri sa a ap gen enfòmasyon kontak (ki gen ladan nimewo telefòn ak adrès fizik) biwo oswa depatman ki ka bay enfòmasyon sou èd finansyè a ak asistans pou tretman aplikasyon an.
- Pasyan an ap gen trant (30) jou apati dat yo bay demand alekri sa a pou li soumèt enfòmasyon oswa dokiman nesesè yo pou yo konsidere li pou kalifikasyon. Si yo pa resevwa enfòmasyon yo nan yon delè 30 jou, pasyan ap resevwa yon lèt k ap fè l konnen dosye l fenmen pou kounye a poutèt dokiman nesesè yo ki manke.
- Pasyan an kapab aplike ankò pou èd finansyè epi komanse yon nouvo ka ak prezantasyon enfòmasyon ak dokiman ki manke yo

 <p>UNIVERSITY of MARYLAND MEDICAL SYSTEM</p> <p>Sèvis Sik Revni</p>	PAJ: 4 SOU 14	NIMEWO KONTRA: RCS - 01
	DAT EFEKTIF: 18/09/19	DAT REVIZYON (YO): 01/07/23

SIJÈ: Règleman Èd Finansyè UMMS

II. Analiz ak Detèminasyon Kalifikasyon pou Aplikasyon Èd Finansyè

Gen de manm ekip yo deziyen ki pral responsab pou pran aplikasyon èd finansyè yo. Manm ekip sa yo gendwa se konseye finansye, kowòdinatè dèt finansye pasyan, reprezantan sèvis kliyan, oswa tyès ajans ki travay kòm ekstansyon biwo santral la. Pou ede aplikan konplete pwosesis la, UMMS ap bay aplikasyon èd finansyè ki pral fè yo konnen ki papye ki nesesè pou yon desizyon final sou kalifikasyon. Kote sa posib, manm ekip yo deziyen yo ap rele nan telefon oswa rankontre pasyan ki mande èd finansyè pou wè si yo satisfè kritè preliminè pou yo jwenn asistans.

Yo pral antre done preliminè yo nan yon sistèm echanj enfòmasyon tyès pati ki pral pèmèt manm ekip deziyen a pou li swiv aplikasyon an epi detèmine kalifikasyon pou èd finansyè. Manm ekip deziyen an pral:

- Detèmine si pasyan an gen asirans sante. Pasyan ki gen aksè ak lòt kouvèti swen medikal (pa egzanp, kouvèti asirans primè ak segondè oswa yon founisè sèvis obligatwa, yo rele tou yon “carve-out”), dwe itilize epi fini ak tout avantaj rezo yo anvan yo aplike pou èd finansyè a.
- Si pasyan an kalifye pou asirans COBRA, manm ekip deziyen an dwe analize kapasite finansyè pasyan an pou peye prim asirans COBRA yo epi rekòmandasyon dwe fèt bay Senior Leadership (Direksyon Siperyè).
- Reyalize yon verifikasiyon kalifikasyon ak pwogram Medicaid la pou pasyan kap Peye pou Tèt yo pou verifye si pasyan an gen asirans. Pou ede pwosesis sa a chak aplikan dwe bay enfòmasyon sou kantite moun ki nan fanmi an ak revni yo.
- Detèmine si pasyan an gen pwobablite kalifikasyon pou swen gratis oswa a pri redwi.
- Detèmine si pasyan san asirans yo kalife pou asirans sante publik oswa prive. Yo dwe ankouraje moun ki gen kapasite finansye pou yo achte asirans sante pou yo fè sa, pou yo kapab asire aksè nan sèvis swen sante epi pou sante pèsonèl jeneral yo.

Nan limit posib, manm ekip deziyen yo pral ofri èd bay pasyan san asirans si pasyan an chwazi aplike pou asirans sante publik oswa prive, detèmine si pasyan an kalifye pou lòt pwogram publik yo ki kapab ede nan pri swen sante, epi sèvi ak enfòmasyon disponib pou UMMS pou detèmine si pasyan an kalifye pou swen gratis oswa pri diminye dapre règleman Èd Finansyè UMMS la.

Rive sou 2 jou ouvrab apre yo resevwa demand yon pasyan pou èd finansyè oswa yon aplikasyon pou asistans medikal, UMMS dwe bay desizyon pou kalifikasyon posib. Desizyon falifikasyon posib la gendwa chanje, baze sou resepsyon dokiman sipò yo.

Si yo detèmine ke aplikasyon èd finansyè pasyan an konplè epi kòrèk manm ekip deziyen an pral rekòmande nivo kalifikasyon pasyan an epi voye aplikasyon an pou yon dezyèm otorizasyon final. UMMS pral bay desizyon final kalifikasyon pasyan an nan 14 jou apre pasyan an fin soumet yon aplikasyon èd finansyè konplè epi 1 ap sispann tout bodro oswa aksyon pou rekouvrem pandan y ap detèmine kalifikasyon an.

Si yon Aplikasyon pou Èd Finansyè Apwouye

Yon fwa yo apwouve yon pasyan pou èd finansyè, kouvèti èd finansyè a efektif pou mwa desizyon an epi yon ane anvan desizyon an.

- Yo pral soumet yon lèt desizyon final bay chak pasyan ki fòmèlman mande èd finansyè, ki gen ladan li (si sa aplikab): èd moun lan kalifye pou li a epi baz pou desizyon an.

 <p>UNIVERSITY of MARYLAND MEDICAL SYSTEM</p> <p>Sèvis Sik Revni</p>	PAJ: 5 SOU 14	NIMEWO KONTRA: RCS - 01
	DAT EFEKTIF: 18/09/19	DAT REVIZYON (YO): 01/07/23

SIJÈ: Régleman Èd Finansyè UMMS

- UMMS ka deside pwolonje peryòd kalifikasyon pou èd finansyè a pi lwen nan tan pase a oswa pou lavni sou yon baz ka-pa-ka.
- Èd finansyè an jeneral aplikab pou tout ijans epi lot swen medikal nesesè chak òganizasyon manm UMMS bay (Gade Eksklizyon yo pou plis enfòmasyon).
- Si yo bay sèvis swen sante anplis apre peryòd kalifikasyon an, pasyan an dwe aplike ankò pou èd finansyè.
- Si yo detèmine ke pasyan an kalifiye pou swen ak rabè nan pri, epi li déjà resevwa yon etakont pou sèvis swen sante kalifyab li resevwa pandan peryòd èd finansyè kouvrì a, pasyan an pral resevwa tou yon bòdro ki montre kantite kòb li dwe pou swen apre yo aplike èd finansyè a.
- Si yon pasyan peye pou sèvis swen sante avan li resevwa otorizasyon èd finansyè a, li ka kalifiye pou yon ranbousman. Desizyon sou ranbousman baze sou kilè yo te detèmine pasyan an pa ka peye konpare ak lè pasyan an te fè pèman yo. Si montan yo detèmine ke pasyan an kapab peye a pi piti pase montan payman pasyan an, li pral resevwa rès balans kredi a kòm yon ranbousman si montan an depase responsablite yo detèmine pou pasyan an de \$5.00 oswa plis. Sa gen ladan li desizyon kalifikasyon pou èd finansyè avan 240 jou apre premye bòdro a te bay.

Si gen chanjman nan revni, byen, depans oswa sitiyasyon fanmi pasyan an, yo atann aske li avèti Depatman Èd Finansyè a nan 410-821-4140. Pou ede pwosesis sa a, epi asire pasyan gen chans pou yo re-evalye li pou kalifikasyon pou èd finansyè avan 240 jou premye etakont lan, UMMS pral avèti pasyan an revni li chanje, li ta dwe kontakte Depatman Pwogram Èd Finansyè sou chak etakont.

Si von Aplikasyon pou Èd Finansyè pa Apwouye

Si yo detèmine pasyan an pa kalifiye pou èd finansyè avan li resevwa yon sèvis (pou sèvis sa a), y ap fè tout efò posib pou kolekte kopèman, dediktib oswa yon pouvantaj balans yo atann pou sèvis la, anvan dat sèvis la, oswa yo gen dwa pwogramme balans la pou rekouvreman nan dat sèvis la.

- Si yo detèmine pasyan an pa kalifiye pou èd finansyè, epi li te aplike pou jwenn otorizasyon finansyè pou sèvis lopital ki pa ijans, manm ekip deziyen an pral avèti pèsonèl klinik la sou desizyon epi sèvis lopital ki pa ijans yo pap pwogramme.
- Yon doktè gen dwa fè apèl pou desizyon sa a epi mande pou Komite Egzikitif Otorizasyon Finansyè a pou l rekonsidere demand nan sou yon baz ka-pa-ka.
- Pou sèvis kap vini oswa ijans, yo pral konplete, resevwa, epi evalye aplikasyon pou èd finansyè yo, epi sa pa pral bay reta pou pasyan an resevwa swen.
- Pasyan ki pa kalifiye pou èd finansyè pral oblige peye tout balans ki genyen epi yo gen dwa voye yo nan yon sèvis move dèt si balans lan rete san peye nan delè yo te antann nan.
- Pasyan an gen dwa fè apèl pou desizyon an, tanpri gade seksyon Apèl la pou plis enfòmasyon.
- Pou nenpòt epizòd swen, pwosesis aplikasyon pou èd finansyè an ap ouvri jiska omwen 240 jou apre yo voye premye bòdwo bay pasyan an apre li egzeyate.

 <p>UNIVERSITY of MARYLAND MEDICAL SYSTEM</p> <p>Sèvis Sik Revni</p>	PAJ: 6 SOU 14	NIMEWO KONTRA: RCS - 01
	DAT EFEKTIF: 18/09/19	DAT REVIZYON (YO): 01/07/23

SIJÈ: Règleman Èd Finansyè UMMS

III. Kritè Kalifikasyon

UMMS pral ofri Èd Finansyè apre yo fin revwa epi dokimante sikonstans finansye pèsònèl yon pasyan. UMMS pap sèvi ak sitwayènte oswa sitiyasyon imigrasyon yon pasyan kòm kondisyon pou kalifikasyon pou èd finansyè; oswa bloke èd finansyè oswa refize aplikasyon pou èd finansyè pasyan an sou baz ras, koulè, reliyon, desandans oswa oriijin nasyonal, sèks, laj, sitiyasyon matrimonial, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, enfòmasyon jenetik, oswa sou baz handikap.

Yo pral aplike kritè ki apre yo nan evalyasyon kalifikasyon pasyan an pou èd finansyè, kalifikasyon posib pou èd finansyè, epi kalifikasyon pou èd poutèt difikilte finansyè.

Kalifikasyon pou Èd Finansyè

UMMS pral gade limit revni manm fanmi MDH la pou detèmine kalifikasyon pou èd finansyè ak nivo swen gratis oswa ak rabè nan pri pou bay pasyan ki kalifye yo. UMMS pral kalkile revni fanmi (moun nan kay la) yon pasyan nan moman sèvis la. Pou konsidere tout chanjman nan sikonstans finansyè, UMMS pral rekalkile revni fanmi (ki nan kay la) avan 240 jou apre premye bòdwo lopital la bay.

UMMS ka konsidere byen monetè fanmi nan kay la pou detèmine kalifikasyon pou swen gratis ak rabè nan pri dapre règleman èd finansyè a anplis kritè baze sou revni yo. Byen monetè ta dwe ajiste chak ane pou enflasyon dapre Consumer Price Index (Endex Pri Konsomatè) la. Byen monetè ki apre yo ki ka konvèti an lajan likid ta dwe egzante:

- Pou yon minimòm, premye \$10,000 byen monetè yo.
- Yon valè sekirite \$150,000 sou ipotèk yon rezidans pwensipal.
- Byen pou retrèt Internal Revenue Service (Sèvis Tax sou Revni Entèn) te bay tretman tax preferansyèl kòm kont retrèt, ki gen ladan li plan konpansasyon difere kalifye dapre Internal Revenue Code (Kòd Revni Entèn) lan oswa plan konpansasyon difere ki pa kalifye yo.
- Yon machin ak motè ki sèvi pou bezwen transpò pasyan an oswa nenpòt manm fanmi pasyan an;
- Nenpòt resous ki egzante nan detèmine kalifikasyon finansyè dapre Medical Assistance Program (Pwogram Asistans Medikal) dapre Social Security Act (Lwa sou Sekirite Sosyal).
- Fon pou edikasyon siperyè prepeye nan yon kont Pwogram 529 Maryland.

Pou detèmine revni familyal yon pasyan, UMMS dwe mete yon definisyon gwosè fanmi nan kay la ki gen ladan li pasyan an ak, pou pi piti, yon konjwen (menm si pasyan ak konjwen an panse soumèt yon Deklarasyon Tax federal ansanm), pitit natirèl yo, pitit adoptif yo, oswa bofis/bèlf yo, epi nenpòt moun pasyan ap mande egzanpsyon pèsònèl pou yo nan deklarason tax federal oswa Eta a. Pou yon pasyan ki se yon timoun, gwosè fanmi a dwe gen timoun lan ak paran natirèl yo, paran adoptif yo, oswa boparan oswa titè yo, frè ak sè natirèl yo, frè ak sè adoptif yo, oswa bòfrè/bèlsè, epi nenpòt moun paran oswa titè pasyan an ap mande egzanpsyon pèsònèl pou yo nan deklarason tax federal oswa Eta a.

Pasyan yo gendwa pa kalifye pou èd finansyè pou rezon sa yo:

- Si yo gen asirans (egzanp, HMO, PPO, oswa Konpansasyon Travayè, Medicaid, oswa lòt pwogram asirans), ki refize aksè nan UMMS akòz restriksyon/limit plan asirans yo.
- Si yo refize pase anba evalyasyon pou lòt pwogram èd anvan yo soumèt yon aplikasyon pou èd finansyè.
- Si yo refize bay enfòmasyon ki gen rapò ak yon reklamasyon responsablite legal annatant.

 <p>UNIVERSITY of MARYLAND MEDICAL SYSTEM</p> <p>Sèvis Sik Revni</p>	PAJ: 7 SOU 14	NIMEWO KONTRA: RCS - 01
	DAT EFEKTIF: 18/09/19	DAT REVIZYON (YO): 01/07/23

SIJÈ: Règleman Èd Finansyè UMMS

Èd finansyè an jeneral aplike pou tout ijans ak lòt swen medikal nesesè chak òganizasyon manm UMMS bay; malgre sa, egzanpsyon ki apre yo gendwa aplike:

- Sèvis moun jwenn nan men pwofesyonèl lasante ki pa afilye ak òganizasyon manm UMMS yo (egzanp, ekipman medikal dirab, sèvis sante adomisil).
- Sèvis yo refize nan pwogram oswa polis asirans yon pasyan (egzanp, HMO, PPO, oswa Konpansasyon Travayè). Eksepsyon gen dwa fèt sou yon baz ka-pa-ka lè yo konsidere konsekans medikal ak pwogramatik yo.
- Sèvis kosmetik oswa lòt sèvis ki pa nesesè sou plan medikal.
- Atik pou pasyan fonksyone, manje, epi kay.
- Lojman ak Repa Sipèvize pandan yon pasyan nan Day Program (Pwogram Lajounen an).
- Reklamasyon Responsablite Tyès Pati (Aksidan Oto, Konpansasyon Travayè, Blesi nan Kò, oswa lòt reklamasyon legal) jiskaske tout mwayen peman yo fini.

Èd finansyè pou bòdwo pwofesyonel yo bay dapre règleman sa a aplike sou UM Physician Network (Rezo Doktè UM, UMPN). Pasyan ki vle jwenn èd finansyè pou bòdwo doktè ki pa nan Rezo Doktè UM lan dwe kontakte doktè a oswa gwoup founisè a dirèkteman. Ou ka jwenn yon lis founisè ki bay swen medikal nesesè nan chak lopital UMMS yo sou sit entènèt chak òganizasyon UMMS. Lis sa presize kilès antanke founisè ki pa patisipe nan pwogram Èd Finansyè UMMS lan.

Kalifikasyon Pwobab pou Èd Finansyè

Nan ka kote pa gen prèv pou sipòte kalifikasyon pasyan an pou èd finansyè, UMMS rezève 1 dwa pou li detèmine kalifikasyon pou èd finansyè posib pou tout kont lopital la. Pou detèmine kalifikasyon posib pou èd finansyè, UMMS ka sèvi ak ajans oswa enfòmasyon deyò pou estime revni ki ka sèvi pou evalye kalifikasyon pasyan an pou èd finansyè. Akòz nati esansyèl sikontans posib yo, UMMS pral bay swen gratis pou pasyan yo panse ki gen posiblite pou yo kalifye pou èd finansyè. Kalifikasyon posib pou èd finansyè pral sèlman kouvrir dat egzak pasyan an te jwenn sèvis yo. Gwoup founisè Rezo Doktè UM yo ap ofri èd finansyè sou yon balans doktè baze sou yon desizyon pou kalifikasyon nan yon balans lopital.

Yo gen dwa detèmine kalifikasyon posib sou baz sikontans endividyle lavi yon moun, ki ka gen ladan yo:

- Asirans famasi pou Active Medical Assistance (Èd Medikal Aktif)
- Asirans Specified Low Income Medicare (Medicare pou Revni Fèb) (SLMB)
- Asirans Primary Adult Care (Swen Primè pou Granmoun) (PAC)
- Moun ki pa gen kay
- Pasyan deja gen asirans Asistans Medikal
- Pasyan Medical Assistance (Asistans Medikal) ak Medicaid Managed Care (Swen Jere Medicaid) pou sèvis yo bay nan ER (Sal Ijans) ki depase kouvèti asirans pwogram sa yo
- Montan depans Asistans Medikal
- Kalifikasyon pou lòt pwogram èd eta oswa lokal, tankou:
 - Supplemental Nutrition Assistance Program (Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè)
 - State Energy Assistance Program (Pwogram Asistans Enèji Eta)
 - Special Supplemental Food Program for Women, Infants, and Children (Pwogram Espesyal Manje Siplemantè pou Fanm, Ti Bebe, ak Timoun)

 <p>UNIVERSITY of MARYLAND MEDICAL SYSTEM</p> <p>Sèvis Sik Revni</p>	PAJ: 8 SOU 14	NIMEWO KONTRA: RCS - 01
	DAT EFEKTIF: 18/09/19	DAT REVIZYON (YO): 01/07/23

SIJÈ: Règleman Èd Finansyè UMMS

- iv) Nenpòt ki lòt pwogram sèvis sosyal jan MD DHMH epi Health Services Cost Review Commission (HSCRC), (Komisyon pou Revizyon Pri Sèvis Sante) detèmine yo.
- i. Pasyan mouri san yo pa konnen ki byen li kite dèyè
- j. Pasyan yo jwenn ki satisfè kritè kalifikasyon ki etabli anba ansyen State Only Medical Assistance Program (Pwogram Asistans Medikal Eta Sèlman)
- k. Moun ki pa sitwayen ameriken yo jije ki pa kalifye
- l. Sèvis Asistans Medical ki pa kalifyab pou pasyan ki kalifye pou Asistans Medikal
- m. Pasyan yo pa idantifye (Kont ki pa gen non, apre yo fè tout efò posib pou jwen yo epi/oswa idantifye yo)
- n. Fayit, selon sa lalwa di, jan tribinal federal yo òdone a
- o. Kalifikasyon nan sèten pwogram klinik UMMS (tankou: St. Clare Outreach Program, UMMS Maternity Program, UMSJMC Hernia Program).

Pasyan ki pa gen asirans yo te konsilte nan Depatman Ijans lan dapre Emergency Petition (Petisyon Ijans), pap sou konsiderasyon pou pwogram èd finansyè posib la, toutotan pwogram Maryland Medicaid Psych pa resevwa bòdwo.

Kalifikasyon pou Èd nan ka Difilikte Finansyè

Ed pou difilikte finansyè disponib pou pasyan ki pa kalifye pou èd finansyè dapre prensipal liy direksyon règleman sa a, men pou ki dèt pou tretman medikal nesesè pandan plis pase douz (12) mwa depase 25% revni fanmi an pou yon lane.

- Montan pou depans medikal ki pa gen asirans ki fèt nan tout òganizasyon manm UMMS yo ap konsidere pou detèmine kalifikasyon yon pasyan (sa gen ladan li nenpòt ki kont ki pase nan move dèt, eksepte kont sa yo ki al nan tribinal epi yon jijman te pran pou yo) ak nenpòt ki depans medikal ki prevwa.
- Pou pasyan ki kalifye pou swen ak rabè nan pri dapre kritè èd finansyè a epi ki an menm tan satisfè kritè pou èd pou difilikte finansyè, UMMS pral bay rabè total kalifyab nan bòdwo yo.
- Pou kalkile revni fanmi an, UMMS pral sèvi ak menm kritè ki parèt nan seksyon règleman Kalifikasyon pou Èd Finansyè sa a pou kalkile byen, revni ak gwosè fanmi an.
- Yon fwa yo apwouye yon pasyan pou Èd pou Difilikte Finansyè, kouvèti asirans lan an ap komanse nan mwa premye dat sèvis kalifyab la ak yon ane anvan desizyon an. UMMS ka deside pwolonje peryòd kalifikasyon pou èd finansyè pou difilikte finansyè a pi lwen nan tan pase a oswa alavni sou yon baz kapaka.
- Èd pou difilikte finansyè pral kouvri pasyan an ak manm fanmi kalifye kap viv nan kay la pou rabè nan pri ki apwouye ak peryòd kalifikasyon pou swen medikal nesesè epi yap rete kalifye pou rabè pou swen medikal nesesè lè yo chèche swen apre sa nan menm organizasyon manm lan pandan peryòd 12-mwa a komanse nan dat swen medikal nesesè a te resevwa pou premye fwa a. Pou evite yon repetisyon ki pa nesesè nan desizyon UMMS pou kalifikasyon pou swen gratis epi rabè, pasyan oswa manm fanmi ki kalifye a ta dwe avèti UMMS pou kalifikasyon pasyan an oswa manm fanmi an pou swen medikal nesesè ak rabè nan pri.

Tout lòt kalifikasyon, diskalifikasyon, ak pwosedi pou kritè prensipal pwogram èd finansyè a aplikab pou kritè èd pou difilikte finansyè a, sof si yo di lekontré anwo a.

 <p>UNIVERSITY of MARYLAND MEDICAL SYSTEM</p> <p>Sèvis Sik Revni</p>	PAJ: 9 SOU 14	NIMEWO KONTRA: RCS - 01
	DAT EFEKTIF: 18/09/19	DAT REVIZYON (YO): 01/07/23

SIJÈ: Régleman Èd Finansyè UMMS

IV. Fè Apèl pou Desizyon pou Kalifikasyon pou Èd Finansyè

Pasyan ki gen aplikasyon pou èd finansyè yo refize gen opsyon pou fè apèl kont desizyon an. Apèl yo ka fèt aloral oswa alekri. Yo ankouraje pasyan yo pou yo soumèt lòt sipò anplis ki jistifye poukisa yo ta dwe anile refi a.

Si pasyan an swete fè yon apèl, UMMS pral:

- Fè pasyan an konnen Health Education and Advocacy Unit (Initi Defans ak Edikasyon Sante) la pou ede yo oswa reprezantan otorize yo a nan fè depo epi abitre yon demand pou rekonsiderasyon.
- Bay adrès, nimewo telefòn, nimewo faks, adrès imel, adrès postal, epi sit entènèt pou Health Education and Advocacy Unit la: Office of the Attorney General, Health Education and Advocacy Unit | 200 St. Paul Place, 16th Floor, Baltimore, MD 21202 | Telefòn: (410) 528-1840 | San frè nan Maryland 1-877-261-8807 | Faks: (410) 576-6571 | Imel: heau@oag.state.md.us
- Dokimante apèl yo nan zouti jesyon done ak avansman travay tyès pati pou pèmèt nivo jesyon ki anlè tèt reprezantan ki te refize premye aplikasyon an analize yo.
- Voye yon lèt ki gen desizyon final la bay chak pasyan ki fè yon apèl fòmèl.

Otorizasyon ak Rekonsiderasyon Finansyè sou Demand Founisè

Kote ki gen yon benefis edikasyonèl, medikal ak/oswa imanitè obligatwa, manm ekip klinik UMMS yo ka mande otorizasyon finansyè pou pasyan ki pa an mezi oswa gen dwda pa ka peye pou sèvis swen sante yo. Manm ekip klinik yo dwe soumèt jistifikasiyon kòrek avan pasyan an resevwa sèvis yo. Biwo faktirasyon santral UMMS Revenue Cycle (Sik Revni UMMS) pral evalye kalifikasyon pasyan an pou Asistans Medikal ak èd finansyè. Yon Komite Egzekitif pou Otorizasyon Finansyè nan nivo òganizasyon manm lan, ki gen ladann direktè klinik ak finansye, pral mande enfòmasyon biwo klinik epi faktirasyon santral ki te fè demand lan te founi yo epi pran desizyon final la pou bay oswa pa bay otorizasyon finansyè sou yon baz ka-pa-ka.

Si yo jwenn otoriza finansyè a, pasyan yo toujou rete responsab pou konplete pwosesis aplikasyon èd finansyè a, epi kapab pase nan yon seleksyon pou kalifikasyon posib, jan yo di nan règleman sa a.

V. Avi pou Disponiblite Èd Finansyè

UMMS pral avèti pasyan yo, fanmi pasyan yo, ak reprezantan otorize yo sou disponiblite èd finansyè atravè avi y ap afiche ak Fèy Enfòmasyon Èd finansyè ak Faktirasyon Pasyan. Fèy Enfòmasyon Èd finansyè ak Faktirasyon Pasyan avèti pasyan an sou disponiblite èd finansyè ak plan peman yo, li gen ladann yon deskripsyon Règleman Èd Finansyè UMMS la, li eslike kijan pou aplike pou èd finansyè, epi gen ladan li yon deskripsyon dwa ak obligasyon pasyan yo nan sa ki gen rapò avèk faktirasyon epi rekouvremant lopital dapre lalwa.

- UMMS pral afiche avi sou disponiblite èd finansyè nan chak sal ijans lopital UMMS (si genyen), nan zòn admisyon yo, prensipal zòn aksè pasyan yo, ak biwo faktirasyon lopital la. Y ap voye avi sou disponiblite an bay pasyan yo tou, ansanm ak bòdwo pasyan yo.
- Y ap bay yon Fèy Enfòmasyon Faktirasyon ak Èd finansyè pasyan nan pre-admisyon an epi anvan egzeyat la, pou chak vizit lopital, ak chak fakti lopital epi lap disponib pou tout pasyan sou demand epi san frè, alafwa pa lapòs epi nan sal ijans lan (si genyen) ak zòn admisyon yo.
- Règleman Èd Finansyè a ak Aplikasyon Èd Finansyè an ap disponib tou pou tout pasyan sou demand epi san frè, alafwa pa lapòs epi nan sal ijans lan (si genyen) ak zòn admisyon yo.

 <p>UNIVERSITY of MARYLAND MEDICAL SYSTEM</p> <p>Sèvis Sik Revni</p>	PAJ: 10 SOU 14	NIMEWO KONTRA: RCS - 01
	DAT EFEKTIF: 18/09/19	DAT REVIZYON (YO): 01/07/23

SIJÈ: Règleman Èd Finansyè UMMS

- Règleman Èd Finansyè a, Fèy Enfòmasyon Faktirasyon Pasyan ak Èd finansyè a, epi Aplikasyon Èd Finansyè a pral afiche yon fason byen vizib sou sit entènèt UMMS la (www.umms.org).

Kontni Fèy Enfòmasyon sou Èd Finansyè Ak Faktirasyon Pasyan

Anplis kontni yo bay anlè a, Fèy Enfòmasyon Faktirasyon ak Èd finansyè Pasyan pral gen ladan li:

- Sit entènèt ak adrès fizik (yo) kote pasyan yo ka jwenn kopi règleman èd finansyè a ak fòm aplikasyon èd finansyè a
- Yo ka jwenn yon kopi gratis Règleman Èd Finansyè an ansanm ak Fòm Aplikasyon pa lapòs.
- Yon deklarasyon sou disponiblite tradiksyon dokiman èd finansyè yo.
- Enfòmasyon kontak pou Depatman Sèvis Faktirasyon Kliyan Lopital UMMS ki disponib pou ede pasyan an, fanmi pasyan an, oswa reprezantan otorize pasyan an, pou yo sa konprann bòdwo yo a, konprann dwa ak oblijasyon pasyan yo anrapò ak bòdwo a, aprann kijan pou aplike pou swen gratis oswa ak rabè nan pri, oswa aprann kijan pou aplike pou Asistans Medikal Maryland, oswa nenpòt lòt pwogram ki ka ede yo peye bòdwo medikal yo.
- Enfòmasyon pou kontakte Maryland Medical Assistance Program.
- Yon avètisman pou fè konnen frè doktè pa rantre nan bodwo lopital la epi yo voye bodwo pa yo apa.
- Yon avètisman ki enfòme pasyan yo sou dwa yo genyen pou mande epi resevwa yon estimasyon alekri pou frè total pou sèvis pwofesyonèl lopital, pwosedi, ak founiti ki pa ijans lopital la ta dwe faktire yon fason rezonab.
- Yon avètisman ki fè konnen si yon pasyan kalifye pou swen gratis oswa rabè nan pri, li pa ka gen frè plis pase AGB pou ijans oswa lòt swen medikal nesesè.
- Yon seksyon ki enfòme pasyan a sou kapasite li genyen pou fè yon plent fomèl ak HSCRC ak Office of the Attorney General of Maryland (Biwo Pwokirè Jeneral Maryland) lan.
- Yon seksyon pou pasyan an mete inisyal li pou montre yo te mete li okouran de Règleman Èd Finansyè UMMS lan

Fèy Enfòmasyon Faktirasyon ak Èd Finansyè Pasyan an ap ekri nan langaj klè, jan yo di nan Requirements for 501(c)(3) Hospitals Under the Affordable Care Act – Section 501(r), epi yap rann li disponib nan lang pasyan an pito a. Li pral gen ladan li tou yon seksyon ki pèmèt pasyan yo mete inisyal yo pou montre yo konnen règleman èd finansyè a.

VI. Aksyon Rekovreman Ekstrawòdinè

Balans Kont ki pa peye yo ka transfere nan Move Dét (swen ke yo pa peye) epi ka refere bay yon ajans rekouvremant deyò oswa bay avoka lopital UMMS la pou aksyon legal ak/oswa rekouvremant. Ajans tyès pati ak/oswa avoka yo ansanm epi solidèman responsab pou respè kondisyon rekouvremant dèt ki site nan règleman sa a, ak nan Règleman Kredi ak Rekovreman UMMS yo. Aksyon rekouvremant yon ajans rekouvremant oswa avoka UMMS ap fè sou non UMMS ka gen ladan li Extraordinary Collection Actions (Aksyon Ekstraòdinè Rekovremant) (ECAs) ki apre yo:

- Rapòte enfòmasyon negatif sou moun nan bay ajans evalyasyon kredi konsomatè oswa biwo kredi.
UMMS pap rapòte enfòmasyon negatif bay yon ajans ransèyman sou konsomatè sou yon pasyan ki pat gen asirans oswa kalifye pou swen gratis oswa rabè nan pri nan moman sèvis la. UMMS pap rapòte bay yon ajans ransèyman sou konsomatè pou jis rive omwen 180 jou apre premye bodwo a te bay. Avan li rapòte bay yon ajans ransèyman sou konsomatè, UMMS pral deside si pasyan an kalifye pou swen gratis

 <p>UNIVERSITY of MARYLAND MEDICAL SYSTEM</p> <p>Sèvis Sik Revni</p>	PAJ: 11 SOU 14	NIMEWO KONTRA: RCS - 01
	DAT EFEKTIF: 18/09/19	DAT REVIZYON (YO): 01/07/23

SIJÈ: Règleman Èd Finansyè UMMS

oswa ak rabè nan pri. UMMS pap rapòte enfòmasyon negatif sou yon pasyan bay yon ajans ransèymen sou konsomatè si UMMS te jwenn enfòmasyon, datre lwa federal, nan men pasyan an oswa konpayi asirans lan ke yon apèl oswa yon revizyon pou yon desizyon asirans sante annatant nan 60 jou touswit avan yo, oswa si UMMS te konplete yon demand rekonsiderasyon pou refi pou swen gratis oswa ak rabè nan pri ke pasyan an te konplete kòrèkteman nan 60 jou touswit avan yo.

- Kòmanse yon aksyon civil kont moun nan. UMMS pap kenbe yon mari/madanm oswa yon lòt moun responsab dèt yon bodwo lopital yon moun ki gen omwen 18 an. UMMS pap depoze yon aksyon civil pou rekouvreman yon dèt jiska 180 jou pou pi piti apre premye bòdwo a te bay. Avan li depoze yon aksyon civil, UMMS pral deside si pasyan an kalifye pou swen gratis oswa ak rabè nan pri. UMMS pap depoze yon aksyon civil pou rekouvreman yon dèt si UMMS te avèti jan lwa federal la di a, atravè pasyan an oswa konpayi asirans la, te gen ankou yon apèl oswa yon revizyon yon desizyon asirans sante nan 60 jou touswit avan yo. UMMS pap depoze yon aksyon civil pou rekouvreman yon dèt si UMMS te konplete yon demand rekonsiderasyon pou yon refi pou swen gratis oswa rabè nan pri pasyan an te konplete jan kòmsadwa nan 60 jou touswit avan yo.
- Sezi kont labank yon moun oswa nenpòt lòt pwopriyete pèsònèl.
- Sezi salè yon moun. UMMS pap mande pou yo sezi salè oswa depoze yon aksyon ki kapab gen kòm rezilta yo sezi salè yon pasyan si pasyan an kalifye pou swen gratis oswa rabè nan pri.

Yo ka pran ECAs yo sou kont ki pat gen litij oswa ki pat nan yon aranjman pèman. ECA sa yo ap fèt pa pi bonè pase 180 jou ki vini apre yo soumèt premye bòdwo apre egzeyat la bay pasyan an, epi yo pral voye yon avètisman alekri 45 jou anvan yo kòmanse aksyon ECA a. Avètisman alekri sa a pral vini ak yon aplikasyon pou èd finansyè (epi enstriksyon pou ranpli aplikasyon an) epi yon avètisman sou disponiblite yon plan peman pou peye dèt medikal la, ak Fèy Enfòmasyon Faktirasyon ak Èd Finansyè Pasyan an. Avètisman alekri sa a pral gen ladan li enfòmasyon ki apre yo:

- Enfòmasyon espesifik pou kontak ak pwosedi.
 - Non ak nimewo telefòn pou UMMS,
 - Non ak nimewo telefòn pou kolektè dèt la (si sa aplikab)
 - Enfòmasyon kontak pou Depatman Èd Finansyè UMMS la (oswa ajans tyès pati kap aji nan non UMMS la), ki otorize pou chanje kondisyon yo nan yon plan peman (si sa aplikab)
 - Nimewo telefòn ak adrès entènèt Health Education Advocacy Unit (Inite Defans ak Edikasyon Sante) ki nan Office of the Attorney General (Biwo Pwokirè Jeneral) la, disponib pou ede pasyan yo ki gen dèt medikal.
- Montan nesesè pou peye dèt la (ladan li genyen tout aryere, penalite, oswa frè, si sa aplikab)
- Idantifikasiyon ECA UMMS (oswa ajans rekouvreman li a, avoka, oswa lot pati otorize) gen entansyon itilize pou jwenn peman pou swen an, epi bay yon dat limit pou apre sa ECA yo kapab kòmanse.
- Yon dat limit pou apre sa ECA yo kapab kòmanse pou pi bonè sou 45 jou apre dat avètisman alekri a te bay.
- Yon deklarasyon pou rekòmande pasyan an chèche sèvis konsèy pou dèt,
- Yon esplikasyon sou Règleman Èd Finansyè UMMS lan, ak yon avètisman sou disponiblite èd finansyè pou moun ki kalifye yo
- Epi nenpòt lòt enfòmasyon jan HSCRC mande a

 <p>UNIVERSITY of MARYLAND MEDICAL SYSTEM</p> <p>Sèvis Sik Revni</p>	PAJ: 12 SOU 14	NIMEWO KONTRA: RCS - 01
	DAT EFEKTIF: 18/09/19	DAT REVIZYON (YO): 01/07/23

SIJÈ: Règleman Èd Finansyè UMMS

Yo pral voye avètisman alekri ak dokiman ki vin avek li yo bay pasyan an pa lapòs sètifye epi lapòs premye klas, nan lang pasyan an pito a, oswa yon lòt lang, jan yo mande a. Avètisman alekri a pral fèt nan yon lang senplifye kap gen gwosè karaktè 10 pwen pou pi piti.

Anplis avètisman alekri a, UMMS (avèk/oswa ajans rekouvreman oswa avoka li a) pral fè efò rezonab pou kominike oralman disponiblite èd finansyè bay pasyan an epi di pasyan an kijan li ka jwenn asistans pou pwosesis aplikasyon an. Yon analiz kalifikasyon posib pral fèt anvan yo pran nenpòt ECA. Pou fini, pa gen okenn ECA yo pral inisyé jiskaske yo jwenn konsantman nan men direksyon Revenue Cycle Services (Sèvis Sik Reveni) UMMS yo.

Si yo detèmine yon pasyan kalifye pou èd finansyè, UMMS (ak/oswa ajans rekouvreman oswa avoka li a) ap pran tout mezi ki rezonab ki disponib pou anile nenpòt ECA ki te pran kont pasyan an pou jwenn peman pou swen yo bay pandan peryòd kalifikasyon èd finansyè a. Kalite mezi rezonab sa yo ki disponib pral gen ladan yo mezi pou retire nenpòt jijman kont pasyan an, wete prelèvman oswa dwa pou sezi sou pwopriyete pasyan an, epi retire nan rapò kredi pasyan an nenpòt enfòmasyon negatif ki te rapòte bay yon ajans ransèyman sou konsomatè oswa biwo kredi. Tout ECA yo pral sispann yon fwa pasyan an apwouye pou èd finansyè ak tout balans pasyan an responsab pou l peye.

UMMS pa pral angaje nan ECA ki apre yo:

- Vann dèt bay yon lòt pati.
- Chaje enterè sou bòdwo pasyan yo fè anvan yo jwenn yon jijman tribinal
- Mande yon dwa pou mete sezi sou rezidans pwensipal pasyan an. Gen de ka kote, pwotokòl jidisye Lokal, Eta, oswa Federal ka bay lòd pou yo mete yon dwa pou sezi, men UMMS pa pral fòse yo vann oswa sezi rezidans pwensipal yon pasyan.
- Mande pou yo lanse oswa pran yon aksyon ki lakòz yon tribinal fè yon manda damne oswa yon manda pou arete yon pasyan.
- Fè yon reklamasyon kont eritaj byen yon pasyan ki mouri si UMMS te konnen pasyan ki mouri a te kalifye pou swen gratis oswa si valè byen yo apre ke obligasyon tax yo te respekte vin pi piti pase mwatye dèt la. Malgre sa, UMMS ka ofri fanmi pasyan ki mouri a kapasite pou l aplike pou èd finansyè.
- Egzije peman yon dèt medikal avan yo bay swen medikal nesesè yo.

 <p>UNIVERSITY of MARYLAND MEDICAL SYSTEM</p> <p>Sèvis Sik Revni</p>	PAJ: 13 SOU 14	NIMEWO KONTRA: RCS - 01
	DAT EFEKTIF: 18/09/19	DAT REVIZYON (YO): 01/07/23

SIJÈ: Régleman Èd Finansyè UMMS

ATACHMAN:

ATACHMAN A: Echèle Mobil - Swen ak Rabè nan Pri

Gwosè Fwaye (HH)	1	2	3	4	5	6	Gade Limit Charite UMMS la anba la
Limit Revni (Jiska Maksimòm)	\$14,580	\$19,720	\$24,860	\$30,000	\$35,140	\$40,280	

Direktiv pou Limit Kalifikasyon Revni Anyèl Maryland Dept of Health (MDH) pou 2022						
Gwosè Fwaye (HH)	1	2	3	4	5	6
Limit Revni (Jiska Maksimòm)	\$20,120	\$27,225	\$34,312	\$41,400	\$48,504	\$55,592

Sèy Revni pou fè Charite ak Asistans Finansye UMMS							
Si nivo revni total fwaye (HH) a pou yon ane rive nan oswa pi ba:						Ou kalifye pou nivo charite nan UMMS ki annapre a:	
Gwosè Fwaye (HH)	1	2	3	4	5	6	
Limit Revni (Jiska Maksimòm)	\$40,240	\$54,450	\$68,624	\$82,800	\$97,008	\$111,184	100% Charite (Egal jiska 200% limit Revni pa ane MDH la)
Limit Revni (Jiska Maksimòm)	\$42,252	\$57,173	\$72,055	\$86,940	\$101,858	\$116,743	90% Charite (Egal jiska 210% limit Revni pa ane MDH la)
Limit Revni (Jiska Maksimòm)	\$44,264	\$59,895	\$75,486	\$91,080	\$106,709	\$122,302	80% Charite (Egal jiska 220% limit Revni pa ane MDH la)
Limit Revni (Jiska Maksimòm)	\$46,276	\$62,618	\$78,918	\$95,220	\$111,559	\$127,862	70% Charite (Egal jiska 230% limit Revni pa ane MDH la)
Limit Revni (Jiska Maksimòm)	\$48,288	\$65,340	\$82,349	\$99,360	\$116,410	\$133,421	60% Charite (Egal jiska 240% limit Revni pa ane MDH la)
Limit Revni (Jiska Maksimòm)	\$50,300	\$68,063	\$85,780	\$103,500	\$121,260	\$138,980	50% Charite (Egal ak 250% limit Revni pa ane MDH yo)
Limit Revni (Jiska Maksimòm)	\$52,312	\$70,785	\$89,211	\$107,640	\$126,110	\$144,539	40% Charite (Egal jiska 260% limit Revni pa ane MDH yo)
Limit Revni (Jiska Maksimòm)	\$54,324	\$73,508	\$92,642	\$111,780	\$130,961	\$150,098	30% Charite (Egal jiska 270% limit Revni pa ane MDH yo)
Limit Revni (Jiska Maksimòm)	\$56,336	\$76,230	\$96,074	\$115,920	\$135,811	\$155,658	20% Charite (Egal jiska 280% limit Revni pa ane MDH yo)
Limit Revni (Jiska Maksimòm)	\$58,348	\$78,953	\$99,505	\$120,060	\$140,662	\$161,217	10% Charite (Egal jiska 290% limit Revni pa ane MDH yo)

*Tout rabè ki endike anwo a dwe aplike sou montan pasyan an responsab pèsonèlman pou l peye apre ranbousman asirans lan.

*Montan yo faktire pasyan ki kalifye pou Depans Swen ak Rabè nan Pri nan yon Echèle Mobil (oswa Èd pou Difilikite Finansyè) ap pi ba pase montan ki nòmalman faktire bay sila ki gen asirans yo (AGB), ki nan Maryland se frè Health Services Cost Review Commission (Komisyón Konsèy Revizyon Pri Sèvis Sante) mande a (HSCRC). UMMS detèmine AGB a lè li sèvi avèk montan Medicare ta pèmèt pou swen an (ki gen ladan kantite lajan benefisyè a ta dwe pèsonèlman responsab pou li peye, ki se montan HSCRC a; yo rele sa "metòd pwospektiv Medicare".

Kòmanse 1/7/23

 <p>UNIVERSITY of MARYLAND MEDICAL SYSTEM</p> <p>Sèvis Sik Revni</p>	PAJ: 14 SOU 14	NIMEWO KONTRA: RCS - 01
	DAT EFEKTIF: 18/09/19	DAT REVIZYON (YO): 01/07/23
SIJÈ: Règleman Èd Finansyè UMMS		

RÈGLEMAN ANRAPÒ:

Règleman UMMS pou Kredi ak Rekouvreman
Règleman UMMS pou Plan Peman

PWOPRIYETÈ KONTRA A:

Sèvis Sik Revni UMMS

APWOUVE:

Premye Règleman Apwouve Komite Egzekitif Konfòmite a: 18/09/19
Revizyon Apwouve Komite Egzekitif Konfòmite a: 19/10/2020, 07/11/22

Mizajou Nivo Pòvrete Federal ak Limit Elijiblite Revni Anyèl Maryland Department of Health: 01/07/20,
01/07/21, 01/07/22, 01/07/23

UMMS Executive Compliance Committee (ECC) Board (Direksyon Konsèy Egzekitif Konfòmite UMMS) la te apwouve politik sa nan dat 19 oktòb 2020. Règleman sa a te adopte pou:

- UM St. Joseph Medical Center (UMSJMC) (UM Sant Medikal Sen Josef) efektif 1ye jwen 2013.
- UM Midtown Campus (MTC) efektif 22 septanm 2014.
- UM Baltimore Washington Medical Center (UMBWMC) (Sant Medikal UM Baltimore Washington) efektif 1ye jiyè 2016.
- UM Shore Regional Health (UMSRH) efektif 1ye septanm 2017.
- UM Charles Regional Medical Center (UMCRMC) (Sant Medikal Rejyonal UM) efektif 2 desanm 2018.
- UM Upper Chesapeake Health (UCHS) efektif 1ye jiyè 2019
- UM Capital Region Health (UMCRH) efektif 18 septanm 2019